

Chè Paran/Gadyen:

Depatman Sante Piblik Massachusetts ap kolabore ak [non òganizasyon an] pou fè yon sondaj ak jèn ki gen 12 rive 17 an, pou aprann plis sou sante ak byennèt jèn nan Massachusetts. Jèn yo jodi a fè fas ak divès opòtinite ak defi ki ka afekte sante ak byennèt yo. Sa ka gen ladan eksperyans ki gen rapò ak sante fizik ak mantal, relasyon, lekòl, kondisyon nan kominote a, ak aksè ak resous. Depatman Sante Piblik la pral sèvi ak enfòmasyon sondaj sa a pou gide pwogram, finansman ak règleman ki pral pi byen sipòte jèn yo nan moman sa a.

Kisa sondaj la ap mande pitit mwen fè?

Si ou pa opoze ak patisipasyon pitit ou a, y ap mande li ranpli yon sondaj sou entènèt yon sèl fwa. Sondaj la ap pran anviwon 15 rive 20 minit pou ranpli. Sondaj la ap poze kesyon sou aksè pitit ou a ak bezwen debaz ak resous, sante ak byennèt mantal, eksperyans ak konsomasyon sibstans, edikasyon, sekirite, sous kote li jwenn enfòmasyon sou sante, katye a ak enfòmasyon demografik. Enfòmasyon ki soti nan sondaj sa a pral ede idantifye bezwen jèn yo. Patipasyon nan sondaj la konplètman **volontè**. **Yo pap pran okenn mezi** kont ou oswa pitit ou si li pa patisipe. Anplis, jèn yo ka sispann patisipe nan sondaj la nenpòt lè san okenn sanksyon, epi yo ka sote nenpòt kesyon yo pa vle reponn.

Kijan yo pral pwoteje vi prive pitit mwen?

Y ap voye tout repons sondaj yo bay Depatman Sante Piblik Massachusetts, ki pral trete tout repons yo kòm enfòmasyon konfidansyèl. Sondaj la pap mande okenn enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye pitit ou, tankou non, adrès, nimewo telefòn oswa imèl. Depatman Sante Piblik Massachusetts pap sèvi ak enfòmasyon demografik yo kolekte yo (tankou laj, sèks, ras/orijin etnik ak oryantasyon seksyèl) pou idantifye pitit ou. Y ap mete repons pitit ou yo ansanm ak repons lòt jèn yo pou kreye estatistik jeneral ki pap kapab idantifye okenn elèv an patikilye.

Èske gen nenpòt risk?

Kesyon sondaj yo pa gen anpil chans pou lakòz malèz oswa domaj. Sepandan, pitit ou ka chwazi pa reponn nenpòt kesyon li pa vle reponn. Gen yon risk ki ba anpil pou enfòmasyon konfidansyèl yo pèdi oswa divilge. Depatman Sante Piblik Massachusetts gen pwosedi an plas pou diminye risk sa a.

Ki avantaj etid la genyen?

Enfòmasyon yo kolekte nan sondaj sa a pral bay pwogram ki nan Depatman Sante Piblik Massachusetts yo enfòmasyon enpòtan sou pwoblèm espesyal jèn yo ap fè fas nan moman sa a, epi li pral ede depatman an adrese bezwen sondaj la idantifye yo. Li pral bay tou nouvo enfòmasyon sou pwoblèm k ap parèt nan mitan jèn Massachusetts yo.

Lòt enfòmasyon

[Non òganizasyon jèn yo] ap administre sondaj sa a pou Depatman Sante Piblik Massachusetts. Si ou gen nenpòt kesyon sou sondaj sa a, tanpri kontakte [moun pou kontakte nan òganizasyon an] oswa [moun pou kontakte nan depatman sante piblik la].

Pitit ou ap gen posiblite pou patisipe nan sondaj la, sof si ou fè nou konnen ou pa vle li patisipe. Se poutèt sa, ou sèlman bezwen retounen fòm sa a si ou **PA VLE** pitit ou patisipe.

Si ou pa vle pitit ou patisipe, tanpri ranpli epi retounen fòm sa a bay (Òganizasyon jèn yo ap presize) pa pita pase (Òganizasyon jèn yo ap presize).

Pitit mwen ki gen non li anba a pa dwe patisipe nan sondaj sa a.

Non pitit la

Siyati Paran/Gadyen

Dat